

# Penn Station Access

Four new stations in the East Bronx with direct Metro-North service to Penn Station, Westchester and Connecticut



## Avi sou Reyinyon Piblik Vityèl ak Disponibilite Evalyasyon Anviwònmantal ak Evalyasyon Vèsyon Preliminè Seksyon 4 (f) Pwojè Aksè Penn Station Metro-North Railroad pou Otorite Transpò Metropoliten an

Nou kontan envite ou egzamine Evalyasyon Anviwònmantal (Environmental Assessment, EA) ak Evalyasyon Vèsyon Preliminè Seksyon 4(f) Pwojè Aksè Penn Station Metro-North Railroad pou Otorite Transpò Metropoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an.

MTA pwopoze Pwojè Aksè Penn Station lan pou entwodui sèvis tren pasaje Metro-North nan antre soti nan Penn Station New York. Yo pral konstwi kat (4) nouvo estasyon Metro-North aksesib pou ADA yo pral konstwi nan lès Bronx nan Hunts Point, Parkchester/Van Nest, Morris Park, ak Co-op City. Avèk kat (4) nouvo estasyon tren pasaje sa yo ak gwo amelyorasyon nan enfrastrikti ray tren yo, Aksè Penn Station lan pral estimile ekonomi zòn lan ak atire talan reyjonal lè li ogmante aksesibilite nan zòn defavorize yo. Li pral mete Hell Gate Line Amtrak lan nan yon bon eta reparasyon ak amelyore fyabilite ak ponktyalite pasaje entèben yo. Lè nou amelyore fyabilite pou pasaje nou yo ak agrandi opsyon transpò piblik yo yon fason ekitab, n ap transfòme sistèm transpò reyjonal nou an.

EA lan ak Evalyasyon Vèsyon Preliminè Seksyon 4(f) lan te prepare annakò avèk Lwa 1969 sou Politik Nasional Anviwònmantal la (National Environmental Policy Act, NEPA); Administrasyon Federal Transpò (Federal Transit Administration, FTA) ak Enpak Anviwònmantal FHWA ak Pwosedi Asosye yo (23 CFR Pati 771); 6 NYCRR Pati 617 egzijans SEQRA; règleman CEQ pou mete ann aplikasyon NEPA (40 CFR 1500); Seksyon 106 nan NHPA 1966; Seksyon 4(f) nan Lwa DOT Ameriken ane 1966; Dekrè Egzekitif 12898, ak lòt règ ak règleman federal aplikab yo. Se MTA k ap finase Pwojè ki Pwopoze a. FTA se ajans federal prensipal la.

EA lan ak Evalyasyon Vèsyon Preliminè Seksyon 4(f) lan disponib sou sit entènèt pwojè a ([PennStationAccess.info](http://PennStationAccess.info)). Lektè Flash tout EA lan ak/oswa yon kopi sou papye Rezime Egzekitif la (Anglè oswa Panyòl) disponib gratis sou demann. Kopi sou papye EA lan (avèk anèks yo sou yon lektè flash) disponib pou achte pa imèl [PSAOutreach@mtacd.org](mailto:PSAOutreach@mtacd.org).

Kopi sou papye EA lan disponib pou enspeksyon piblik sou randevou sèlman nan anplasman annapre la yo. Pou mande randevou, ou ka rele nan 718-560-3268.

**Bronx Jewish Community Council**  
2157 Holland Ave, Bronx, NY 10467

**Morris Park Community Association**  
1824 Bronxdale Ave, Bronx, NY 10462

Ou te mèt fè kòmantè epi ou ka soumèt yo pa lapòs (yo bay adrès la anba a), pa imèl ([PSAOutreach@mtacd.org](mailto:PSAOutreach@mtacd.org)) oswa an pasan pa sit entènèt pwojè a ki endike anwo a. **Kòmantè yo dwe resevwa anvan 3 Jiyè 2021.**

**Voye kòmantè alekri yo pa lapòs bay:**  
MTA Government & Community Relations  
Re: Penn Station Access EA  
2 Broadway, D17.140  
New York, NY 10004



# Penn Station Access

Four new stations in the East Bronx with direct Metro-North service to Penn Station, Westchester and Connecticut



## Machaswiv pou Patisipe nan Reyinyon Piblik la

MTA ap organize yon reyinyon piblik pou resevwa kòmantè anrapò ak EA ak Evelyasyon Vèsyon Preliminè Seksyon 4(f) pou Pwojè a. Akòz pandemi COVID-19 la ak restriksyon sou rasanbleman piblik yo (Dekrè Egzekitif 202.94), reyinyon piblik la ap fèt sou fòm yon reyinyon vityèl avèk itilizasyon Seminè Anliy sou Zoom.

Yo pral aksepte kòmantè aloral yo nan reyinyon piblik la. Tradiksyon Panyòl, Soutitraj CART, ak Sèvis Lang Siy Ameriken pral disponib. Si ou bezwen plis èd pou langaj oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri soumèt yon demann omwen twa jou ouvrab anvan reyinyon piblik la nan [PSAOutreach@mtacd.org](mailto:PSAOutreach@mtacd.org) oswa rele Liy Dirèk Reyinyon Piblik la nan 646-252-6777 ant 6 a.m. ak 10 p.m. Si necesita una traducción, por favor comuníquese con [PSAOutreach@mtacd.org](mailto:PSAOutreach@mtacd.org) o 646-252-6777.

**Dat ak Lè Reyinyon an:** 15 Jen 2021, 6:00 – 8:00 P.M.

### Enfòmasyon sou Reyinyon an:

*Lyen Seminè Anliy Zoom:*

<https://mta.zoom.us/j/86180485626>

ID Seminè Anliy: 861 8048 5626

*Enfòmasyon pou Koneksyon:*

+1 877 853 5247 ID Reyinyon: 861 8048 5626

*Lyen Anrejistremor Oratè:*

[https://mta-nyc.custhelp.com/app/hearings/register/h\\_id/64](https://mta-nyc.custhelp.com/app/hearings/register/h_id/64)

**Enskripsiyon Oratè Fini:** 15 Jen 2021, 6:30 P.M.

Pou enskri pou pale nan reyinyon piblik vityèl la, swiv lyen ki anwo a oswa rele Liy Dirèk Reyinyon Piblik la nan 646-252-6777 ant 6 a.m. ak 10 p.m. Kòmantè aloral yo pral gen yon limit de minit. Ou ka prezante temwayaj aloral oswa soumèt deklarasyon alekri alaplas oswa pou konplete temwayaj aloral konsènan pwojè ki pwopoze a.

Pou èd pou patisipe, tanpri adrese kesyon yo nan Liy Dirèk Reyinyon Piblik la nan 646-252-6777.

